*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 55 (25784)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 1 апрел — хуымгæнæны мæйы 1 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** НЫСАНТÆ
*Национ проекттæ — цардмæ*

**3** ЗÆРДЫЛДАРÆН БОН
*Поэт, тохгæнæг, рухстауæг*

**4** ИРОН ÆГЪДÆУТТÆ
*Зазхæссæн*

Фембæлд

## Сырх Дзуары куыст регионы

**РЦИ-Аланийы Хицауады разамонæг ДЗАНАЙТЫ Барис фембæлд Уæрæсейы Сырх Дзуары сæрдар Павел САВЧУКИМÆ. Ныхасы архайдтой Хицауады Сæрдары хæдивæг Александр РЕУТОВ, Сырх Дзуары регионалон хайады сæрдар ХЪУЫСАТЫ Иринæ.**

Дыууæрдыгæй дæр фæбæрæг кодтой гуманитарон программæтæ республикæйы парахат кæныны тыххæй æмгуыстдзинад, Сырх Дзуары æххуысы мадзæлттæ республикæйы цæрджытæм хæццæ кæнын.



Республикæйы Хицауады разамонæг куыд бафиппайдта, афтæмæй уæрæсейаг Сырх Дзуар алы бон дæр ахсджиаг гуманитарон нысантæ æххæст кæны. "Организацийыл цæуы 155 азы, бархионтæ æмæ сæрæн адæм сты æххуысхъуæгты фарсмæ, алывæрсыг мадзæлттæ сын кæнынц. Сырх Дзуары цæгатирыстойнаг хайад республикæйы бирæ азты дæргъы кусы. Мах цæттæ стæм бæрæггæнæнтæ сфидар кæнынмæ, регионалон хайады размæ цы нысантæ лæууы, уыдон æххæст кæнынмæ", — загъта Дзанайы-фырт.

Павел Савчук лæмбынæг радзырдта, Уæрæсейы Сырх Дзуары нырыккон царды, ногдзинæдтæ æмæ ивддзинæдты тыххæй. "Нæ рахæцæнтæ ног кæнæм, лæггæдты иугонд линейкæ царды уадзæм, цæрджытимæ куысты тыххæй байгом кодтам кълæстæ, центртæ. Федералон æмвæзады Сырх Дзуары куысты фарс рахæцыдысты, йæ сæргъы лæууы Хицауады Сæрдары хæдивæг Татьянæ Голикова. Проектмæ бахастам æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ социалон къабæзты цалдæр хъæппæрисы, æндæр программæтыл дæр кусæм. Адæмæн уæлдай æххуыс бакæныныл нæ зæрдæ дарæм", — загъта Сырх Дзуары сæрдар.

Уый ма рæгъмæ рахаста цæгатирыстойнаг хайады куыст дæр, радзырдта йæ архайды тыххæй. Социалон программæтæ сæ къухы куыд æфтынц, медицинон-социалон æххуыс адæммæ куыд хæццæ кæнынц, уыдæттæ фæбæрæг кодта. Сырх Дзуары бирæ



азты кусы Хъуысаты Иринæ, у фæлтæрдджын специалист. "Уæ регион бæрæг дары дзæбæх куыстæй, разæй сты иннæты 'хсæн. Цæгат Ирыстон бирæ проектты архайдта, Беслæны фыдбæллæхы амæттæгтæн баххуыс кодта, бархионтæ тынг дзæбæх сæхи равдыстой пандемийы рæстæг. Хъуамæ афтæ уа, гуманитарон къабазы хъуамæ адæмæн æмæ паддзахадæн æххуыс кæнæм", — бафиппайдта Павел Савчук.

Ахсджиаг у фыццаг медицинон æххуыс бакæныны фарста, фарон 8 мин скъоладзауы æмæ студентæн бацамыдтой фыццаг медицинон æххуыс бакæныны мадзæлттæ. Уыдæттæ — регионалон Сырх Дзуары центрон аппараты фæрцы. Регионалон хайады кусы ахуырадон центр, кæстæр медицинон хойы, социалон кусæджы дæсныйæдтыл ахуыр кæнынц фæсивæды.

Дзанайты Барис республикæйы разамынды 'рдыгæй æмгуыстадмæ цæттæдзинад равдыста. "Махæн æмгуыстад пайда у, Сырх Дзауры проекттæ парахат кæнынмæ цæттæ стæм. Нæ иумæйаг куыст фæбæрæг уыдзæн Цæгат Ирыстоны цæрджытыл", — загъта Хицауады Сæрдар.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Уæлæмхасæн мадзæлттæ

## Фылдæр æргом — æдасдзинадмæ

**Оперативон уавæр вазыгджындæр кæй фæци, уый фæдыл Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрад фæкарздæр кодта æдасдзинады мадзæлттæ.**

Сыхаг регионты административон арæнтыл æрлæууыдысты уæлæмхасæн тыхтæ, æрбахуыдтой Уæрæсейы гвардийы нæ республикæйы хъарутæ дæр. Фæндæгтыл пъæлицæйы кусджытæ бæстон бæрæг кæнынц хæдтулгæтæ æмæ бæлццæтты. Иннæ барадхъахъхъæнæг оргæнтимæ иумæ аразынц ахадгæ мадзæлттæ алыхуызон кусæн бæстыхæйтты, бирæ адæм кæм вæййы, уыцы бынæтты, стæй ахуырадон кусæндæтты æмæ рæвдауæндæтты æдасдзинадæн.

Уыцы уæлæмхасæн мадзæлттæ аххæсдзысты сæрмагонд уынаффæйы онг. Уымæ гæсгæ, ис курдиат нæ республикæйы цæрджытæм, цæмæй уавæр æмбарой.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

Номарæн

## 1 апрелы — Къостайы мысæн бон



## Ирыстоны номдзыд хъæбул

*Ирыстоны номдзыд хъæбул, стыр поэт æмæ гуманист Хетæгкаты Къостайы æз нымайын, мæ удмæ æппæты хæстæгдæр чи у, ахæм поэтыл. Йæ ном æмæ сфæлдыстадæн аргъ кæныны хорзæх мын, зынаргъ хæзнайау, мæ фыдæй, зындгонд поэт Гамзат Цадасайæ баззад. Уый йæ рæстæджы уыд Дзæуджыхъæуы Къостайы райгуырды 80 азы юбилейы кадæн номарæн мадзæлтты архайæг, æмдзæвгæ дæр ыл ныффыста. Йæхи уацмыстæ йын ратæлмац кодта авайраг æвзагмæ.*

*Къоста йæ уд æмæ зæрдæ снывонд кодта, иннæтæй уæлдай, йæ адæмæн, сæ амонд æмæ фарнæн. Ирыстон у стыр поэтты, æфсæддонты æмæ адæмы амондыл тохгæнджыты бæстæ. Фæлæ дзы Къоста цы бæрзæндтæй ракаст, уыдонмæ ничи ма бафæлвæрдта схизын. Къоста у Ирыстоны фарны символ. Æз ын йе сфæлдыстад мæ мадæлон æвзагыл кæсын 17-аздзыдæй.*

*Мæ фыды фæстæ, Къостамæ уый цы цæстæй каст, уыцы хорзæх дарддæр хæссынæл архайын. Æхсызгонæй фæархайын йæ райгуырæн юбилейон бонтимæ баст мадзæлтты.*

*Кавказы ис Эльбрусы æмæ Хъазыбеджы хæхтæ. Къоста та йæ поэзийы у сæ хъæбысы цæрæг адæмы иугæнæг хид. Æппæт адæмы уарзты æнæнкъуысгæ хох. Æмхуызон хорз фыста йæ мадæлон æмæ уырыссаг æвзæгтыл. Йе сфæлдыстады æвдыста кусæг адæмы сурæттæ, сæ сагъæстæ æмæ бæллицтæ. Йæ дардмæуынаг зонд ницæимæ æмæ никæимæ ис абарæн. Уый у кусæг адæмы æмæ интеллигенцийы поэт. Йе сфæлдыстад кæд национ у, уæддæр йæ хъуыдыйы ахадындзинадæй æххæссы æппæт дунейы адæмтыл.*

**Расул ГАМЗАТОВ,**
**Дагестаны адæмон поэт,**
**Социалистон Фæллойы Хъæбатыр**

*(Къостайы мысæн бонмæ иннæ æрмæджытæ кæсут 3 фарсыл)*

Архайд

## Уыдзыстæм кæсагимæ?

**Ацы азы кæронмæ Цæгат Ирыстоны малтæм рауадздзысты 400 минæй фылдæр хъæспаг сырх кæсаджы лæппынтæ. Уыцы куыст бакодтой паддзахадон программæйы фæлгæты.**

Хъæспаг сырх кæсаг (лосось) бахаудта Уæрæсейы Сырх чиныгмæ. Æрыдоны сырх кæсаджы заводы æрвылаз дæр паддзахады хæслæвæрдмæ гæсгæ схъомыл кæнынц уыцы зынаргъ кæсаджы 280 мин лæппыны.



Ацы аз та завод уыдонæй Павлодольскы ауазæны фæстæ Теркмæ рауагъта 180 мины, республикæйы иннæ малтæм та — 100 мин лæппыны.

**Нæ уацхæссæг**

Рухстауæн куыст

## Наукон-культурон центр

**Цæгат Ирыстоны æхсæнадон организацитæй иу хæссы Хетæгкаты Къостайы ном, йæ сæрдар та у ÆЛБОРТЫ Иван. БИГЪУЫЛАТЫ Людмилæ куыд радзырдта, афтæмæй Къостайы центр стыр пайда хæссы ирон æвзаг æмæ литературæйы райрæзтæн.**

Хетæгкаты Къостайы номыл национ наукон-культурон центр 2020 азæй æххæст кæны алыхуызон рухстауæн куыст. Зæгъæм, аразы ерыстæ скъоладзауты æхсæн, уыдонæй иу уыд нывкæнынадæй. Сывæллæттæ бацæттæ кодтой Къостайы сфæлдыстадимæ баст нывтæ. Уыдонæн сæ хуыздæртæ æрвыст æрцæуыдзысты Хуссар Ирыстонмæ. Уым равдысты арæнты хуссайраг сывæллæтты базонгæ кæндзысты ацы ерысимæ, æмæ, чи зоны, фидæны уым дæр ахæм мадзал саразой.

Иннæ рухстауæн куыст баст у Къостайы æмдзæвгæтæ зæрдæвæрдæй дзурынимæ, алы аз вæййы скъоладзауты æхсæн. Фарон та ерысы архайджытæ кастысты 21 æнусы ирон фысджыты æмдзæвгæтæ Къостайы номыл. Уæд уæлахиздзаутæн хæрзиуджытæ лæвæрд æрцыдысты Дзæуджыхъæуы муниципалон сконды сæрдар **Икъаты Русланы** къухæй. Фæлæ Къостайы номыл центр æрмæст ерысты куыст не 'ххæст кæны. Сæрмагондæй архайынц чингуытыл дæр, уыимæ, скъолайы ирон æвзаг



æмæ литературæйы программæтыл дæр.

— Нæ хистæртæ æмæ мах дæр схъомыл стæм Къостайы æмдзæвгæтыл. Раздæр, куыд зонæм, афтæмæй чингуытæ парахатæй нæ уыд, фæлæ уæддæр хистæртæ зыдтой Хетæгкаты Къостайы аивад. Уый, куыд адæмон сфæлдыстад, цыд дзыхæй-дзыхмæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, мах дæр æй афтæ хъуамæ зонæм, уымæн æмæ йе сфæлдыстады этикон æмæ хъомыладон ахадындзинад пайдайаг сты, æрмæст ныры кæстæртæн нæ, фæлæ Ирыстоны æппæт æхсæнадæн дæр. Хетæгкаты Къостайы номыл национ наукон-культурон центры кусынц, цæмæй ирон æвзаг æмæ литературæ рох ма уой, фæлæ ныры дуджы уавæрты рæзой, — загъта Хицауады администрацийы кусæг **Бигъуылаты Людмилæ.**

Уымæй уæлдай, центры кусджытæ скæнынц фембæлдтытæ скъоладзаутимæ. Æгъдау, намыс æмæ хъомылады сæйрагдæр миниуджытæ бацамонынц. Уыдон сты ирон культурæ аразæг мадзæлттæ æмæ сæ ирддæрæй ис фенæн ирон æвзаг æмæ литературæйы фæрцы.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

### Дзырды фарн

*Мæ цинæг сидзæр уд нывонд кæнын*
*нæ Иры дзыллæйæн, мæ зонд,*
*мæ зæрдæ куыд амонынц, афтæ.*

КЪОСТА

**Боныхъæд** | **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **1 апрелы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **5-10 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **5-7 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 12,44** | **Хурыскаст** — 05,42 | **Хурныгуылд** — 18,26

**Валютæйы аргъ** | **Доллар** — 77,66↑ | **Евро** — 84,47↑

12+

Нысантæ

# Национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ – цардмæ

**Ацы аз æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы дæрддæр архайдзысты регионалон дадзинты центртæ æмæ медицинон кусæндæттæ ифтонггæрзтæй æххæст, онкологон низтимæ рынчынтæн æххуыс кæныныл, æнæниздзинады паддзахадон системæйы бындурыл иугонд нымæцон контур саразыныл, хорз цæттæгонд кадртæ рынчындæттæм æрвитыныл.**

Азы кæронмæ хъуамæ бындурон цалцæг баййафой Сырх Ходы фелсырон-акушерон пункт, Ногиры, Винограднæйы, Предгорныйы хъæуты амбулаторитæ, Притеречнийы амбулаторийы та куыстытæ аххæсдзысты 2024 азмæ. Рæвдз кæй аразынц, ахæм модулон конструкцитæй скæндзысты Веселæйы, Кондартенкойы хъæуты, Павлодольскы станицæйы медицинон кусæндæттæ. Хъуамæ сцæттæ уой ацы азы фыццаг æмбисы.

Куыд зонæм, афтæмæй национ проект "Æнæниздзинад хъахъхъæнынад"-мæ гæсгæ 2022 азы сарæзтой Хъарман-Сындзыхъæуы амбулатори, Бехъаны фелсырон-акушерон пункт, Елхоты рынчындоны поликлиникæйы хайад, Республикон клиникон рынчындоны сæвæрдтой магнитон-резонансон тамограф.

"Ахуырад"-ы национ проектмæ гæсгæ стыр нысантæ лæууы республикæйы разамынды размæ. Дыууæ скъолайы сараздзысты Дзæуджыхъæу æмæ Беслæны, уыдзæн дзы фæйнæ 550 бынаты. Хъуамæ 2023 азы кæронмæ уой цæттæ, Дзæуджыхъæуы бавнæлдтой стыр скъолатæ аразынмæ, сараздзысты сæ 2024 азы кæронмæ. Уыдзæн сæ 1100 æмæ 550 бынаты. "Рæзты тæлмытæ" фæзындзысты хъæуты æмæ чысыл горæтты, ац аз байгом уыдзæн 22 тæлмы, сæ ахадындзинад бæрзонд уыдзæн. Сывæллæттæ исдзысты наукон æмæ технологон зонындзинæдтæ. Фарон "Ахуырад"-ы национ проектмæ гæсгæ Черноярскийы станицæйы сарæзтой скъола 200 бынатимæ.

Физикон културæ æмæ спортæй архайыны тыххæй хъæууон скъолатæ быдуронæй цалцæг скæндзысты, æппæт хъæугæ ифтонггæрзтæй бахæхст кæндзысты Октябрыхъæуы, Комсомольскы, Æрыдоны, Дигорайы, Беслæны скъолатæ. Нымæцон ахуырадон фадæттæ скæныны тыххæй хъуамæ материалон-техникон базæ сфидар кæной. Æрыгæттæн уавæртæ саразын æнтысы регионалон проект "Фæсивæдæн æххуысы мадзæлттæ"-йы фæрцы. Хъуамæ сæ хъус дарой æхсæнады социалон-экономикон, политикон, культурон цаутæм.

Дзæуджыхъæуы хъуамæ сцалцæг кæной Фæсивæды галуан, рухсдæттæн æмæ музыкалон ифтонггæрзтæй йæ баххæст кæндзысты, байгом кæндзысты зæлфыссæн студи. Ацы ран уыдзæн фæсивæдон политикæйы тæххæй зонындзинæдтæ исынæн фадæттæ, рухстауæн æмæ методикон мадзæлттæ кæнынæн, форумтæ, слеттæ, интеллектуалон хъæзтытæн æмæ æндæр авналæнтæ.

**РЦИ-Аланийы**
**Сæргълæууæджы æмæ**
**Хицауады пресс-службæ**

Æнæниздзинад

# Низы ныхмæ мадзæлттæ

**Хуымгæнæны мæйы 2-æм бон æппæт дунейы у аутизмы фарстайы тыххæй информаци парахатгæнæн бон. Ацы низæй рынчын адæмы нымæц азæй-азмæ фылдæрæй-фылдæр кæны, уæлдайдæр та — сывæллæтты 'хсæн.**

Аутизм тæлмац кæны куыд "йæхимидæг анығъуылæг æдæймаг", у психикон æмæ психологон æгъдауæй фæстæзад. Хауы ахæм низты къордмæ, кæцыты фæзындæн вæййы цалдæр аххосаджы. Аутизмимæ адæм нæ уарзынц буарæвнæлд, зын сын вæййы адæмимæ ныхас æмæ зонгæ кæнын, цæстытæм нæ фæкæсынц æмæ сын хъуыды кæнын дæр зын вæййы.



Ацы низ разыны, сывæллонæн 2-3 азы куы сæххæст вæййы, уæд. Ахæм кæстæртæ домынц хъусдард, фæлæ, хъыгагæн, бирæ ныййарджытæ специалисттæм нæ бацæуынц. Уый тыххæй нæ республикæйы дохтыртæм нæй низджын сывæллæтты бæлвырд нымæц. Кæд уыцы низмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсынц, уæддæр фæстæдæр, сывæллон куы бахъомыл уа, уæд рабæрæг уыдзæн. Уымæн æмæ психиатормæ бацæуын у сæйраг, куыд æфсадмæ ацæуынæн, афтæ куыстмæ райсынæн дæр.

Дохтыртæ æмæ наукон иртасджытæ нырма нæ зонынц, цæй тыххæй фæзыны аутизм кæстæр фæлтæры æхсæн, сæйрагдæр та уый у, æмæ рынчынты нымæц æвиппайды фæфылдæр ис. Аутизмы ныхмæ профилактикон мадзæлттæ сты — æрдзы хъæбысы уæвын, цæрæгойтимæ рæстæг æрвитын æмæ афтæ дарддæр. Фæлæ сæйрагдæр у афойнадыл бацæуын дохтырмæ.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

Семинар

# Ног хуызы ахуырад

**Беслæны 3-æм рæвдауæндоны ацыдис регионалон семинар: "Полилингвалон æмæ поликультурон хуызы ахуырады рæзт Беслæны 3-æм рæвдауæндоны".**

Семинары куысты архайдтой Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**, уыцы министрады национ æмæ ирон æвзаджы политикæйы хайады сæрдар **Нæкуысаты Иринæ** æмæ Рахизфарсы районы скъолайы агъоммæйы ахуырады сæрдар **Иринæ Каниди**.

Семинар арæзт æрцыдис Цæгат Ирыстоны полилингвалон æмæ поликультурон ахуырады истори æмæ археологийы институты кусджыты хъæппæрисæй. Уыдоны 'хсæн: **Бестауты Зæирæ** æмæ **Моурауты Зæлинæ**, сæ сæргъы **Хъамболты Тамерлан**, афтæмæй. Архайдтой ма дзы Кировы æмæ Рахизфарсы районты хъомылгæнджытæ æмæ ныййарджытæ дæр.

Алыбегты Эллæ куыд фехъусын кодта, уымæ гæсгæ республикæйы стыр куыст цæуы, цæмæй ирон адæмы културæ æмæ æвзаг хъахъхъæд æрцæуой. Æмæ ма бафиппайдта:

— Уыцы хабар æрмæст ныхæстæй нæу, хъомылгæнджытæ аразынц алыхуызон мадзæлттæ, цæмæй нæ гыццыл сабитæ уарзой Ирыстон æмæ аргъ кæной сæ мадæлон æвзагæн, æмæ ма йæ ныхасыл бафтыдта:

— Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** бахæс кодта, цæмæй регионы байгом уа "Ирон æвзаджы центр".

Уымæ гæсгæ абон Рахизфарсы районы арæзт æрцыд семинар, иннæ районты цы полилингвалон къордты хъомылгæнджытæ кусынц, уыдонæн, цæмæй æнæвгъауæй рапарахат кæной сæ зонындзинæдтæ.

Йæ темæ: "Ægac цу, скъола!" Бацæттæ йæ кодтой хъомылгæнджытæ **Цæлойты Галинæ** æмæ **Хъуысаты Эллæ**. Ацы мæй полилингвалон ахуырады хæс у алыхуызон мадзæлттæ аразын, цæмæй сабитæ зоной дыууæ паддзахадон æвзаджы, сæ ахуырмæ.



Семинары программæмæ гæсгæ, уазджытæ, фыццаджыдæр, бакастысты кæстæр къорды ахуырмæ. Йæ темæ уыдис "Транспорт". Сывæллæтты бацæттæ кодта ирон æвзаджы хъомылгæнæг — **Зæнджиаты Альбинæ**.

Куыд сбæрæг, афтæмæй рауад тынг цымыдисаг. Хъомылгæнинæгтæ арæхстджын дзуаппытæ лæвæрдтой, уый тыххæй æмæ ахуыры рæстæг лæмбынæг хъуыстой æмæ бирæ цæстуынгæ æрмæгимæ архайдтой. Фынддæс минуты дæргъы сабитæ тынг рæсугъд дзырдтой иронау.

Куыд загътой уазджытæ, афтæмæй ацы рæвдауæндоны хъомылгæнджыты куыст фæахъаз уыдзæн æнæмæнг дарддæры бындурон ахуырады рæзтæн.

Нæкуысаты Иринæйы ныхасмæ гæсгæ, рæвдауæндоны кусджытæ сабитимæ кæнынц вазыгджын æмæ хъæугæ куыст.

Семинары дыккаг хайы бакастысты скъоламæ цæттæгæнæн къорды ахуыр дæр рауад тынг мидисджын. Сабитæ акодтой диссаджы балц скъоламæ, сæхи банкъардтой æцæг скъоладзаутæй, уымæн æмæ сын сарæзтой алыхуызон цæстуынгæ мадзæлттæ, цæмæй сæ дзуаппытæ уой æххæст æмæ раст.

Уазджытæн йæ дуæрттæ байгом кодта рæвдауæндоны музей "Ирон хæдзар". Уым базонгæ сты музейы экспонаттимæ, сæ фылдæр хай хъомылгæнджытæ сæхæдæг сарæзтой сабитæ æмæ ныййарджытимæ.

Хицауы хæдивæг **Бæтиаты Зоя** семинары архайджытæн радзырдта, рæвдауæндон полилингвалон æмæ поликультурон рæзтыл куыд кусы, сабитæн цавæр мадзæлтты руаджы гуырын кæнынц уарзондзинады æнкъарæнтæ Ирыстонмæ æмæ ирон æвзагмæ.

Рахизфарсы скъолайы агъоммæйы ахуырады сæрдар Иринæ Каниди куыд бафиппайдта, афтæбон уа дзурын дыууæ æвзагыл дæр æмæ сæ ахуыры скъолайы ма уа къуылымпыдзинад.

Ныййарджытæ **Къæбойты Мæдинæ** æмæ **Цъæритты Альбинæ** дæр загътой сæ хъуыдытæ. Уыдон дæр бафиппайдтой, куыд вазыгджын æмæ хъæугæ куыст кæнынц абон рæвдауæндæтты. Загътой стыр бузныг Цагат Ирыстоны полилингвалон æмæ поликультурон ахуырады истори æмæ археологийы институты кусджытæн, Ирыстоны абон ацы куыст кæй фæрцы цæуы, уыдонæн.

Уыдон æмбарынц, ацы куыст канд хъомылгæнджытæй аразгæ нæу, фæлæ алы ныййарæгæй дæр.

Семинары архайджытæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй сæ фембæлд рауадис мидисджын æмæ æнтыстджын.

**БÆТИАТЫ Зоя,**
**Беслæны**
**3-æм рæвдауæндоны**
**хицауы хæдивæг**

Президенты Указæй

## Ацæудзысты службæмæ

**Алы аз куыд вæййы, афтæ та ныр дæр фыццæгæм апрелæй фынддæсæм июлмæ æфсадмæ службæ кæнынмæ фæсиддзысты, 18 азæй 27 азы онг кæуыл цæуы, уыцы æрыгон лæппутæм. Уый тыххæй Указ бафыста Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путин. Æдæппæт та хъуамæ службæ кæныны бынæттæм ацæуой 147 мин адæймаджы.**

**2022 азы фæззæджы кæмæ фæсидтысты, уыдоны нымæц уыди 120 мины, ацы азы уалдзæджы та — 134,5 мин сидтоны. Рæстæмбис нымадæй та афæстаг азты уыцы нымæц вæййы 130 мин адæймагмæ 'ввахс.**

**Нæ уацхæссæг**

Хъæууон хæдзарад

## Фондз азы æмгъуыдмæ

**Ацы азæй фæстæмæ уæрæсейаг фермертæн фенцондæр уыдзæн фондз азы æмгъуыдмæ зæххы хай æнæ базарæй хаццоны (арендæйы) райсын. Ныхас цæуы паддзахадон кæнæ муниципалон исбонмæ хауæг зæххытыл. Уый тыххæй бæлвырддæр хабæрттæ базонæн ис сæрмагонд оргæны кæнæ хъæууонхæдзарадон зæххыты федералон иумæйаг уагæвæрды.**

**Уыимæ, рох кæнын нæ хъæуы — хаццоны цы зæххы фæзуат ист цæуы, уый хъуамæ фылдæр ма уа уæ регионы сфидаргонд бæрцæй. Стæй дзы хъуамæ уа æрмæстдæр хъæууонхæдзарадон куыстад. Уæхи йеддæмæ дзы хъуамæ æндæр, æцæгæлон адæймаг ма пайда кæна.**

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Æрыдоны районæй

## Цалцæггæнинаг рæвдауæндон

**Фæндзай азæй фылдæр кæуыл цæуы æмæ иунæг хатт дæр ноггонд чи нæ уыд, Хъæдгæроны уыцы рæвдауæндон бындуронæй цалцæггæнинаг у.**

Кусæндоны коммуникацитæ баихсыдысты, йæ техникон ифтонггæрзтæ базæронд сты.

— Бæстыхайы пъолтæ раууатмæ æрцыдысты, донифтонгады системæ æвзæр кусы. Рæвдауæндон бындуронæй цалцæггæнинаг у. Бæстыхай ныв ыл уавæры цæмæй уа,



ууыл нæхи хъарутæй архайæм, фæлæ уый фаг нæу. Уазал нæм уыд, фæлæ нын ног тæвддæттæн куы сæвæрдтой, уæд нæм фæхъарм. Ифтонггæрзтæ хъуаг стæм. Бындурон цалцæггæнæн куыстытæм æнхъæлмæ кæсæм, — зæгъы рæвдауæндоны кусæг **Æлбегаты Фатимæ**.

Ныртæккæ ахуыргæнæндоны чи ис, уыцы æхсæз къорды хъомыл кæнынц 135 сывæллоны.

**ХУАСДЗАУТЫ Алинæ**

Ахсджиаг фембæлд

# Хъæбатыр Джихаты Теренти

**Ацы аз январы, Кæсæг-Балхъары республикæ сбæрæг кодта йæ зæхх фашисттæй суæгъд кæныны 80 азы. Уæдмæ мæ ахуырдзаутимæ цæттæ кодтон кæсджыты конференци, йæ бындур уыд бынæттон фыссæг Олег Опрышкойы фыст чиныг "Выстоять и победить". Баст у, Кæсæг-Балхъары республикæйы Сырх æфсады æфсæддонтæ æмæ командиртæ знæгтимæ куыд хæцыдысты, уыимæ.**

Мæхæдæг чиныг зæрдæмæ хæстæг райстон, автор диссаджы куыст бакодта, æрмæг æрæмбырд кодта, Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты хъысмæт хæсты фæстæ сбæрæг кодта. Олег Леониды фырт æцæг патриот у, уый хæстонты нæмттæ рох кæнын нæ бауагъта, фæстагæттæн сæ бахъахъхъæдта.

Кæсджыты конференцийы фæлгæтæй рахизын сфæнд кодтон, бафæндыд мæ фыссæгæн чиныгкæсджытимæ фембæлд саразын, æппæт æнкъарæнтæ дæр дзы бæрæг куыд уой, афтæ. Чиныджы хъæбатырты ссарыныл архайын райдыдтон. Ме 'мкусджытимæ, æмбæлттимæ, скъоладзауты ныййарджытимæ нæ къухы къуыримæ бафтыд æнæнхъæлæджы цины хабар: фембæлдмæ æрхуыдам хъæбатырты хæрæфыртты, цоты цот.



Мæ ахуырдзаутæ — æхсæзæмкъласонтæ дзырдтой æмæ кастысты чиныгæй скъуыддзæгтæ: Месроп Газаровы, Джихаты Терентийы, Мухаммед Хоконовы, Мурадин Мечукаевы, Нови Чихрадзейы хъæбытырдзинады тыххæй. Сæ ныхас сын дарддæр хастой уазджытæ, хъæбатырты хиуæттæ. Фыссæг Олег Опрышко йæ æнкъарæнтæ нæ урæдта, фембæлд ын йæ зæрдæйы арф фæд ныууагъта, хъæбатыртæ цыма æгас сты, уыйау.

Фæнды мæ иу хъæбатыры тыххæй радзурын, йæ хиуæтты йын куыд агуырдбырстыты ныхмæ лæууыд, фæлæ сæм хæстон æрмæг нал баззад æмæ Теренти йæ æфсæддонты рахуыдта эскадроны сæйраг тыхтимæ баиу кæнынмæ. Уæдмæ æртæ хатты фæцæф, бомбæты схъистæ дзы ныссагъдысты, фæлæ госпиталмæ ацæуыныл нæ разы кодта.

Налцыкк хъахъхъæнгæйæ, Джихаты Теренти цы лæгдзинад равдыста, уый тыххæй йæ схорзæхджын кодтой Сырх Тырысайы орденæй. 17-æм кавалерион полчъы командир Петр Самодуров хæрзиуæджы сыфы ныффыста **"...кæстæр лейтенант Джихаты Теренти Хъайтыхъойы фырт Налцыччы немыцагфашистон æфсæдтимæ тохы равдыста æхсар æмæ лæгдзинад... æртæ хатты фæцæф, фæлæ тохы быдырæй нæ рацыд, дарддæр взводæн разамынд лæвæрдта... снайперы топпæй 21 знаджы амардта. Хасаньийы районы æмбал Джихайыфыртæн змæлын тынг зын уыд, взводæн йæ бон командæ кæнын нал уыд, йæ къахы цæф æй нæ уагъта, госпиталмæ нæ акуымдта, йæ снайперы хæцæнгарзæй мардта фашистты, 40-мæ йын схæццæ сты".**

ды ахуыргæнджытæ **Тахъазты Иринæ** æмæ **Джихаты Зæринæ**. Куыд базыдтон, афтæмæй Налцыччы бирæ азты цæры Терентийы кæстæр æфсымæр **Михал (Мухар)**.

Куыд конференцийы саразæг, афтæ мын æхсызгон уыд, Дзæуджыхъæуæй, Змейкæйы станицæйæ æмæ Налцыккæй стыр делегаци кæй æрцыд, уый. Уыдон уыдысты Терентийы æртæ æфсымæры фырттæ. Ныхасы бар ракуырдта **Виктор**, уый радзырдта, сæ фыды æфсымæры тыххæй мысинæгтæ, йæ иунæг къам бинонтæ цæсты гагуыйау кæй хъахъхъæнынц, уый тыххæй. Цалдæр азы размæ Джихаты ссардтой æфсæддон комиссарады руаджы. Фæхуыдтой сæ Лескены хъæумæ, уым базылдысты, хъæу ссæрибар кæныныл чи тох кодта æмæ фæмард, уыдоны цыртдзæвæнмæ. Ацы æфсымæрон ингæны ныгæд æрцыд Джихаты Теренти дæр. Хæстæджытæ Змейкæйы станицæйæ зæхх æрластой æмæ йæ æфсымæрон ингæныл байзæрстой.

Хъæбатыры хæстæджытæ Олег Опрышкойæн йæ бæстон куыстытыххæй арфæ ракодтой, сæ фыды æфсымæры хæстон фæндаг сбæлвырд кæныныл кæй бакуста, уый фæдыл. Рохуаты йæ кæй нæ ныуагъта, фæстагæтты зæрдæты йæ кæй бавæрдта, уыдæтты тыххæй. Фысымтæ дæр бузныджы ныхæстæ райстой, рæстудæй сыл кæй сæмбæлдыстæм, конференци ахæм хуызы конд кæй æрцыд, уыдæтты тыххæй.

Æз дæр Джихатæн радзырдтон, фæззæджы ахуырдзаутимæ 11-æм дивизийы хæстон кады бынæттыл кæй ацыдыстæм, ныры онг, горæты парчы, бæрæг у акъоппыты хахх.



Сæ тых цалдæр хатты фылдæр кæмæн уыд, уыцы æфсады ныхмæ Джихаты Теренти æмæ йе 'мбæлттæ фидар лæууыдысты... там, куыд сыл сæмбæлдыстæм, уыдæттæ. Æрыгон ирон лейтенант Джихаты Терентийы цард хæсты тæккæ райдайæны æвирхъауæй ахицæн. Уый мæ афтæ ахъардта, мæ уды рæбыны йын бынат скодтон. Райгуырд Змейкæйы станицæйы, цыппар æфсымæры хистæр уыд. Скъола каст куы фæцис, уæд æм æфсадмæ фæсидтысты, 1941 азы йæ бахастой Харьковаг кавалерион арæнхъахъхъæнæг училищæйы хыгъдмæ. Хæсты рæстæг училищæ ахастой Ташкентмæ. 1942 азы уалдзæджы, рауагъдонты арвыстой Советон Цæдисы Мидхъуыддæгты Адæмон Комиссарады (НКВД) хæйттæм Цæгат Кавказмæ.

Теренти ссис 17-æм кавалерион полчъы, 11-æм æхсæг дивизийы уæнг, уыдон хъахъхъæдтой Налцыкк. Горæты сæрыл уæззау тох цыд 1942 азы октябры кæрон. Бомбæтæ, рæмудзæн æрмæджытæ йыл калдтой знаджы 70 хæдтæхæджы, Налцыкмæ баппæрстой 270 танчы, цалдæр дæсгай мин салдаты. Сæ тых цалдæр хатты фылдæр кæмæн уыд, уыцы æфсады ныхмæ Джихаты Теренти æмæ йе 'мбæлттæ фидар лæууыдысты.

Горæты кæройнаг бынæтты æрфидар сты Сырх æфсады æфсæддонтæ, Джихайы-фырты взвод Ногдзауты галуан бацахста, хъахъхъæныны тыххæй дзы æрлæууыдысты. Бирæ ныббырстыты ныхмæ бæргæ хъæддыхæй равдыстой сæхи, фæлæ знæгтæ уыдысты фылдæр, сæ хæстон тых æмæ техникæ хъомысджындæр. Фæстаг нæмыджы онг взвод ныб-

Кавалериаг полчъы цыппæрæм эскадроны командир Рафаил Хейфич йæ фæсхæстон мысинæгты Джихаты Терентийы тыххæй фыста: **"Зыдтон, Ногдзауты галуан бахъахъхъæныны хæс Джихаты Теренти кæй сæххæст кæндзæн, уый. Йæ дæлбар уæвæг æфсæддонтæ йæ уарзтой. Кæстæр лейтенант Джихаты Теренти снайперон топпмæ иттæг хорз арæхстис, тохы йемæ уыд æппынæдзух, гитлеронты дзы æнтыстджынæй цагъта..."**

Налцыккыл тохты фæстæ 17-æм кавалерион полкъ, Мидхъуыддæгты Адæмон Комиссарады (НКВД) 11-æм æхсæг дивизийы хай уæвгæйæ, хæцыд Кæсæг-Балхъары хæхты æмæ Цæгат Ирыстоны фæзуæтты. Лескены хъæуыл тохы бирæ æвзыгъд æфсæддонтæ сæ цард радтой, немыцаг фашисттимæ йæ фæстаг тохы ам бацыд Джихаты Теренти дæр.

Афæтæ рауад, æмæ мæхæдæг агуырдтон Джихаты хиуæтты, фыццагдæр хæстæджытæй уыдоны ссардтон. Хорз мын феххуыс сты ирон национ-культурон центр "Ныхас"-ы разамонæг **Цæмæхъаты Олег**, Дзæуджыхъæу æмæ Змейкæйы скъолаты ирон æвзаМæсчъы кæрон — дзыхъхъытæ, уым нæ сармадзантæ лæууыдысты. Лæджыхъæдæй хайджын æфсæддонтæ цæфтæй, æдыхæй, рæстæгмæ сæ фæстæмæ алæууын бахъуыд, фæлæ фæстаг нæмыджы онг дæр знæгты æхсгæ чи кодта, уыдоны фæндагыл ацыдыстæм. Агурæг къорды разамонæг **Олег Заруцкий** нæ æрбахуыдта Чысыл Кизиловкæйы хохмæ, уым æфцæгыл дивизи фашисттимæ тох самадта.

Ам быдырон лагер сарæзтам, сывæллæттæ згъæрагурæнты фæрцы ссардтой нæмгуытæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы æндæр æрмæджытæ. Мах сæ нæ стендтыл бакодтам.

Джихаты Терентийы хъысмæт æмхуызон у бирæ æрыгон æфсæддонты æмæ афицерты æвирхъау хъысмæттимæ. Уыдон сæ цард радтой цыфыддæр знагимæ тохты. Ирон адæмы æвзыгъд фырт дыууæ сыхаг республикæйы хъахъхъæдта Кавказ ссæрибар кæныны уæззаудæр азтæ æмæ мæйты. Дыууæ республикæйы дæр æй мысынц, сæ сæртæ ныллæг æруадзынц, Фыдыбæстæ хъахъхъæныны рæстæг диссаджы лæгдзинад æмæ быхсондзинад равдисыны цур. Уыдон нæ бæстæйы сыгъдæг цæсгом æмæ сæрибардзинады сæраппонд сæ цард радтой.

**ЦÆМÆХЪАТЫ Жаннæ,**
**Налцыччы 6-æм скъолайы ахуыргæнæг,**
**горæты Ветеранты советы уæнг**

1 апрел — Къостайы мысæн бон

# Къостайы монон райгуырæн бæстæ

**“Стыр адæймæгты зæрдыл дарынæн сæ удæгас уæвынадæй къаддæр нысаниуæг нæй”. Сенека-кæстæр — ромаг зындгонд философы ныхæстæ æнæхъæнæй дæр хауынц ирон адæмы намысджын фырт Хетæгкаты Къостамæ. Йæ ном фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæуы канд Ирыстоны нæ, фæлæ Уæрæсейы æмæ дунейы бирæ бæстæты. ”Æз уыдтæн Японы, — фыста Расул Гамзатов, — æмæ мын æхсызгон уыд, сæ горæттæй нын иуы, Къостайы хорз зонынц, зæгъгæ, куы фехъусын кодтой, уæд”. Хетæгкаты Къоста дунейыл хъуыстгонд кæй уыд, уый тыххæй дзырдта зындгонд уырыссаг фыссæг Николай Тихонов дæр: ”Хетæгкаты Къоста барджынæй бацыд дунейы классикты стыр бинонты номхыгъдмæ. Йæ ном алы ран дæр у кадджын”.**



Æнæмæнг, уымæн йæ цард у сгуыхтдзинад, хи адæмæн куыд лæггад кæнын хъæуы, уымæн дæнцæг. Стæмтæн бацис сæ бон сæхимидæг поэт æмæ нывгæнæджы, рухстауæг æмæ æхсæнадон архайæджы, театралон архайæг æмæ публицисты гени баиу кæнын. Фæлæ йын йæ адæм ахæм стыр аргъ кæй кодтой, уыцы зæрдиаг ахаст æрмæст уымæй нæу. Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы фыццаг лауреаттæй иу **Цæллагты Валодя** раст загъта: "Адæм Къостайы фæлгонцы уыдтой, алы хохагмæ дæр иучысыл хорзæй цы уыд, уыдон иумæйагæй: курдиат æмæ куыстуарзондзинад, лæгдзинад æмæ сæрыстырдзинад, уæздандзинад æмæ удварны бæрзонд културæ". Пушкин, Шекспир, Гете, Вольтер... Алкæй дæр дзы рахонæн ис йæ адæмы "хъуыдыты барджын хицау". Фæлæ уæддæр Къоста сæдæгай азты фæстæ дæр йæ адæмы културæ, монон дунейыл куыд сахадыдта, афтæ, æвæццæгæн, никæй бон баци.

Зындгонд ахуыргонд-æвзагиртасæг, академик **Абайты Васо**, Къостайы сфæлдыстад ирæтты монон денейыл куыд тынг ахадыдта, уый тыххæй фыста: "Мæнмæ гæсгæ, алы ирон дæр Къостайæн куыд аргъ кæны æмæ йæ куыд уарзы, уымæй бæрæг у, йæ адæмæн цас аккаг фырт у, уый. Уымæй уæлдай, мæнмæ гæсгæ, раст уыдзæн, Къостайы сфæлдыстады идейон мидис ирон национ идеяйы астæуыцæджындз у, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд. Уымæн æмæ ирæтты алы фæлтæр дæр монон, културон æмæ фæткон-психологон æгъдауæй хъомыл кæны ирон æгъдæуттыл, Къостайы сфæлдыстадыл." Къоста йæ ахуыр райдыдта Нары хъæууон скъолайæ. Фæстæдæр иуцасдæр рæстæг ацахуыр кодта Дзæуджыхъæуы реалон училищæйы, фæлæ Стъараполы фынддæс азæй фылдæр кæй фæцард, уымæ гæсгæ, куыд поэт æмæ нывгæнæг, бындур уым сæвæрдта. **Къоста йæхæдæг Стъарапол хуыдта йæ "монон райгуырæн бæстæ".**

Йæ фыд Леуан чысылзæхджын хохæгтимæ Кубаны облæстмæ куы алыгъд æмæ Лабæйы хъæуæн бындур куы сæвæрдтой, уæд хицауадмæ куырдиатимæ бацыд, цæмæй йын йæ фырты уыцы рæстæг æнæхъæн Цæгат Кавказы иунæг нæлгоймæгты гимназмæ бакæной. 1871 азы сæрды Леуан дыууадæсаздзыд Къостайы æрласта Стъараполмæ... Уыцы гимназæй хуыздæр ахуыргæнæндон Кавказы нæ уыд. Ацы ран ын стыр æххуыс бакодта номдзыд педагог, философ æмæ æхсæнадон архайæг Януарий Неверов. Хетæгкаты Къостайы тыххæй бирæ фыст æрцыд, бындуронæй йын раиртæстой йæ стъарапойлаг цард æмæ сфæлдыстад. Стъараполы иртасджыты цалдæр фæлтæры йын аргъ кодтой, Александр Пушкинæн, Михаил Лермонтовæн, Лев Толстой æмæ иннæтæн куыд аргъ кодтой, афтæ Хуссайраг Уæрæсейы уырыссаг æвзагыл фыццаг фыссæг поэтыл нымад уыд Къоста. Йе 'мдзæвгæ "Хетæгкаты Къостайы цыртдзæвæны раз Стъараполы", зæгъгæ, фыста поэт Витислав Ходарев.

Стъараполы гимназы директор Януарий Неверовы тæваг Къостайы сфæлдыстадыл куыд фæзынд, уый тыххæй зæгъын хъæуы сæрмагондæй æмæ бæстон. Къоста йæ не 'рбаййæфта. Уый уыцы рæстæджы пенсийы ацыд æмæ цард Бетъырбухы. Фæлæ йæ педагогон, философон хъуыдытæ бирæ азты дæргъы цардысты ахуыргæнæндоны. Фæстæдæр ыл зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæ дзæгъæлы нæ ныффыста Къоста. Неверовмæ уыдис уырыссаг рухстауæджы, педагогы, хъуыдыгæнæджы стыр културæ. Уый хи фыды цæстæй каст хохаг гимназисттæм, хорз сын зыдта се 'гъдæуттæ, традицитæ, сæ цардыуаг, сæ удыхъæды миниуджытæ, аргъ сын кодта. Неверовы ахæм хæлар ахаст дзурæг уыд, уырыссаг раззагдæр интеллигенци кавказаг адæмтæм цы цæстæй каст, ууыл.

Неверов гимназистты ахуыр æмæ хъомылады системæмæ бахаста нывæцæнты æрвылазон конкурстæ. Уыцы конкурсты зæрдиагæй архайдтой хохаг гимназисттæ. Сæ хуыздæр нывæцæнтæ мыхуыргонд цыдысты алы рауагъдты. Зындгонд у уый дæр, æмæ сæ сæхæдæг ныффыстой, уый кæмæдæрты дызæрдыгдзинад æвзæрын кодта. Афтæ, 1859 азы "Отечественные записки"-йы фæлгæсæг дызæрдыджы ныхас ныффыста, ирон Тхостаты Иналыхъы нывæцæн йæхи фыст нæу, зæгъгæ. Неверов йæ авторы ныхмæ радзырдта æмæ фыссы: "Стъараполы гимназы хъомылгæнинаг Тхостаты Иналыхъы нывæцæн æцæгæйдæр йæхи у. Зæгъын хъæуы уый, æмæ Тхосты-фырты нывæцæн бацахста дыккаг бынат, фыццаг бынат та гимназы совет саккаг кодта хохаг лæппу Адиль-Гирей Кешевæн.

Æмæ уый, æцæгæйдæр, диссаджы фæзынд у".

Неверов — уырыссаг гимназы 350 уырыссаг ахуырдзауæй æмæ 20 хохагæй æнтыстдзинад фæкъул вæййы къаддæры 'рдæм, æмæ, Стъараполы гимназы хохæгтæй чи ахуыр кæны, уыдонæй канд Тхосты-фырт афтæ хорз нæ хъуыды кæны æмæ нæ дзуры... Къостайы къухы куыд бафтыд поэзийы, нывгæнынады, ахæм бæрзæндтæм схизын, кæд нæдæр гимназ, нæдæр Нывгæнынады академи каст фæци кæронмæ. Хохаг лæппу афтæ хорз куыдæй базыдта уырыссаг æвзаг? Къостайæн фондз къласы фæстæ стипенди нал лæвæрдтой, æмæ гимназ ныууагъта, стæй та Нывгæнынады академи. Дæс азы дæргъы æз уыдтæн Стъараполы бастдзинады уæлдæр æфсæддон-инженерон училищæйы æхсæнадон наукæты кафедрæйы хицау. Æз арæх лекцитæ кастæн, Къоста, гимназист уæвгæйæ, спектаклтæ кæм æвæрдта, уым. Режиссер-æвæрæг дæр, нывгæнæг-декоратор дæр æмæ актер дæр уыд йæхæдæг.

Æз базонгæ дæн, гимназы хъуыддæгтæ, Къостайы стъарапойлаг цард æмæ сфæлдыстад хорз чи зыдта, уыдонимæ. Æрæджы йæ цардæй чи ахицæн, уыцы зындгонд литератор, театралон критик æмæ музыкæиртасæг Галинæ Пухальская хорз зыдта æмæ æмбæлгæ дæр кодта Василий Смирновы кæстæр чызгимæ. Уый уыд Къостайы фæстаг уарзон.

Мæ куырдиатмæ гæсгæ Галинæ Пухальская Къостайы райгуырды 140 азы юбилеймæ ныффыста чысыл сценари "Поэты фæстаг уарзондзинад". Крайы драмтеатры хуыздæр актертæ йæ равдыстой, Къоста кæм цард, Смирновы уыцы хæдзары. Рацыдис курдиатджын фыссæг Виктор Кравченкойы цымыдисаг чиныг **"Къоста, Леуаны фырт"**. Уым æвдыст æрцыдысты Къостайы цард æмæ сфæлдыстады бирæ хъуыддæгтæ, ног хуызы каст æрцыд генийы цардмæ.

Къоста уыд зæрдæргъæвд лæппу, генион зæрдæргъæвд. Фæлæ, зындгонд куыд у, афтæмæй зæрдæргъæвддзинад, суанг генион дæр, уæлдайдæр ын аивадон удыхъæд куы уа, уæд æй кæронмæ райхæлынæн хъæуы йæхи скъола. Уый та Къостайæн уыд Стъараполы гимназ. Уый фыццаг бонтæй фæстæмæ анигъуылд сфæлдыстады. Сæ цæст ыл æрæвæрдтой ахуыргæнджытæ Краснов, Миловидов, Воскресенский, Кригер æмæ æндæртæ. Фæлæ уæддæр Къостайыл уæлдай тынгдæр фæзынд Бетъырбухы Императорон Нывгæнынады академийы рауагъдон **Василий Смирнов.** Гимназы уыдис ныв кæныны ахуыргæнæг. Уый фыццаг уроктæй фæстæмæ йæ хъус æрдардта зæрдæргъæвд лæппумæ æмæ йын бахæс кодта ахуырдзауты спектаклтæ фæлгонц кæнын. Йæ тæвагæй равзæрдысты йæ фыццаг куыстытæ: "Тырыса хохаг цæргæсимæ", "Фыды портрет". Смирнов сын хорз аргъ скодта æмæ йын загъта, цæмæй фидæнмæ йæ ахуыр адарддæр кæна Нывгæнынады академийы.

Къостайы фыццаг биограф **Дзасохты Гиго** фыста, зæгъгæ, йæ Смирнов æдзухдæр дæнцæгæн хаста иннæ ахуырдзаутæн, йæ куыстытæ æвдисгæйæ. Фондз къласы фæстæ Стъараполы гимназы педагогон совет бахатыд Къостайы Нывгæнынады академимæ бакæныны тыххæй, уый аккаг кæй у, уый банысангæнгæйæ. Василий Смирнов цалдæр мæйы цæттæ кодта Къостайы ахуырмæ бацæуыны тыххæй æмæ йемæ ацыд Бетъырбухмæ. Къоста иттæг хорз радта бацæуæн фæлварæнтæ, æмæ йæ райстой нывгæнынады факултетмæ.

Къостайы академийæ куы рацух кодтой, уæд ын æдзухдæр царды фæрæзтæ нæ уыд, æмæ цæрынамæлттæ кодта, фæлæ, Питеры цы азтæ арвыста, уыдон ын йæ дунембарынад сфидар кодтой. Бетъырбухæй Лабæмæ, стæй та Дзæуджыхъæумæ куы сыздæхт, уæд уыдис йæ сфæлдыстады цырены. Зæрдиагæй архайы ныв кæныныл, кусы театры, уæрæхдæр раргом йæ поэтикон курдиат, уырыссаг æмæ ирон æвзæгтæ иттæг хорз кæй зыдта, уый йын фадат радта диссаджы æмдзæвгæтæ ныффыссынæн. Йæ ирон уацмыстæ адæмы зæрдæты арф ныххызтысты. 90-æм азты уый карзæй тох кодта Терчы облæсты хицауады минæвæрттимæ. Абайты Васойы загъдау: **"Пушкинæн уыд Бекендорф, Къостайæн та — Каханов"**. Терчы облæсты хицау инæлар Каханов 1891 азы æртæ бонмæ Къостайы арвыста Дзæуджыхъæуæй. Æхсæнады æнцондзинадæн зианхæссæг у, зæгъгæ, ахæсты дыккаг хатт æрвыст æрцыд Херсонмæ фондз азы æмгъуыдмæ. Карзæй куы стох кодта, уæд ын цæрыны бар радтой алы ран дæр, Дзæуджыхъæуы зылдæй фæстæмæ.

Ног, 1901 азыл Къоста сæмбæлд Пятигорскы, уый фæстæ раивта Стъараполмæ æмæ кусын райдыдта газет "Цæгат Кавказ"-ы. Уыцы рæстæг тынгдæр райхæлд йæ публицисты курдиат. Йæ уацтæ, фельетонтæ, алыхуызон æрмæджытæ хицæн кодтой сæ рæстдзинадæй, мæгуыр адæмы сæрылхæцæг кæй уыдысты, уымæй. Къоста цард Смирновты хæдзары, æдзухдæр сæм уыд кадджын уазæг. Бинонтæ йæм иууылдæр кастысты хионы цæстæй. Къоста йæ уæззау царды рæстæг Смирновтæм хайджын уыдис алы хорздзинæдтæй, зæрдæйы хъармæй. Цæлыккаты Аннæмæ æнæдзуапп уарзондзинад, йæ царды кæрон та — Галинæ Смирновамæ йæ æркодта тынг уæззау уавæрмæ. Низтæ йыл стыхджын сты, ахæстытæ йæ бадомдтой, æмæ æруатон ис. Цардис иунæгæй Дзæуджыхъæуы иу чысыл къуымы. 1904 азы райдайæны йæ йæ хо Ольгæ аласта Лабæмæ йæ фыды хæдзармæ. Къоста амард 1906 азы 19 мартъийы. Бавæрдтой йæ йæ фыды фарсмæ, фæлæ йæ Ирыстоны адæмы куырдиатмæ гæсгæ сластой Дзæуджыхъæумæ.

Къостайæн йæ фæстаг ныхæстæ уыдысты: "Ме 'фсымæртæ, кæрæдзи уарзгæйæ цæрут!" Къостайы юбилейтæ канд Ирыстоны нæ бæрæг кодтой, фæлæ Цæгат Кавказы иннæ республикæты, крайты æмæ облæстты дæр, уыимæ, Пятигорскы дæр. Фæлæ Къостайæн йæ хуыздæр цыртдзæвæн уыдзæн, алы ирон дæр ын йæ зæрдæмæ куы айса йæ æрдхæрæны ныхæстæ, уæд:

*Æз адæмæй къаддæр куы дарин,*
*Куы бафидин искуы мæ хæс,*
*Уæд афтæ æнкъардæй нæ зарин,*
*Нæ хъуысид мæ кæуын хъæлæс.*

**ХЪЫРГЪУТЫ Анзор,**
**Стъараполы крайы Думæйы Сæрдары цур хистæрты советы уæнг, отставкæйы булкъон, профессор**



**КАЛМАНТЫ Батыр æмæ Виктор ОРЕШНИКОВЫ конд ныв “Къоста хохæгты ‘хсæн”**



**ТÆБÆХСÆУТЫ Бало — Хетæгкаты Къостайы ролы. 1959 аз**

---

**ХУЫГАТЫ Сергей**

## КЪОСТА

***1.***
***Мæ цæугæ мæсгуытæ кæлынц,***
***Сæ рыг мæ рыст фæсонтыл бады,***
***Æмæ æнафоны фæлладæй***
***Мæ саусæр бæллицтæ мæлынц.***

***Мæ бонтæ ронбæгъдæй цæуынц,***
***Сæ фæстæ ниц' и кадæй, радæй.***
***Æмæ мæ сæнттæ базырдзагъдæй***
***Дæ ингæны къæйтæм тæхынц.***

***Табу — дæу нын цы Хуыцау радта,***
***Дæу нын цы сабыр мад ныййардта.***
***Дæу нын цы фæллад цонг уызта.***
***Мæнæн ды иунæг рухс мæсыг дæ,***
***Лæууыс мæ кувæндон, мæ сыгъдæг***
***Дзуары уаз къуыппыл, Къоста!***

*2.*
*Ныххорз и зынг зæронд къæйкъул хæдзары,*
*Æрæнцад дзы йæ хъизæмæрттæй уд.*
*Фыдæхсæвтæ куыд нæ уыд рагон Нары,*
*Фæлæ дзы ахæм фыдæхсæв нæ уыд.*

*Сæ сау нымæтты сау лæгтæ лæууыд*
*Тъæпæн, зæхбын, къæвдахост уæлхæдзары,*
*Æмæ сæ быны хæдзары гом дуарæй*
*Сывæллоны зæрдæхалæн хъæр цыд.*

*Иу дзуры лæгтæй удæгас æндæргау:*
*"Йæ мады роны йæ бавæрут, æндæра*
*Цы уыдзæни!.. Уæддæр цæринаг нæу".*
*Æмæ ныссабыр уæлхæдзар æгасæй,*
*Йæ риуыдзаг нымбу кæныны тасæй*
*Цæф цæргæсау нындæгъди рындзыл хъæу.*

***3.***
***Мæ зæронд чындз, мæ мысинаг, Чендзе,***
***Дæ ном дæр дын чъызгæ дзурын, дæхистæн.***
***Куы цыдтæ Туаты уæзæгæй чындзы,***
***Уæд дын цымæ цы хорз ыскуывта хистæр?***

***Лæууы бæрзонд цыллæбоцъо, æвзистсæр,***
***Йæ къухы кæхцы бæгæны фыцы.***
***"Фæндараст у, хæрæфырттæ нын дзы***
***Куыд рацæуа æмæ хызт куыд уой низтæй!"***

***Цы ма дын хъуамæ скуывтаид хуыздæр,***
***Цæмæй зыдта, дæу бахъæудзæни сæр —***
***Иры бындарæн дардзынæ дæ дзидзи?!***
***Дæ дзæбæхтæ куыд ферох кодтам мах,***
***Дæ уæлмæрдмæ дын иу доны æртах***
***Куыд никуы 'рхастам, ууыл тыхсын, уый дз' и.***

*4.*
*Сывæллонæй ныв кæнынил фæгæрз,*
*Тъæпæн дур фенæд — абадт-иу йæ разы.*
*Æмæ-иу ракаст дуры фарсæй бæрз,*
*Стæй сæрджын саг бæрзыбынæй разынд.*

*Йæ сагимæ-иу Нарты бæсты хъазыд,*
*Йæ бæрзыбын-иу уæйгуытæй æмбæхст.*
*Йæ гом уæхсчытæ — къалиутæй æмбæрзт,*
*Æмæ-иу цардыл комдзог рацыд й' азым.*

*Йæ къухы-иу цыргъ дуры къæртт нындзыг,*
*Кæд ын уæларвæй ратæхгæ зынг уыд, —*
*Кæд ын Хуыцауы хъомысæй æрвыст уыд?*
*Хъуыди кæд зæххыл ног дуне ныв кæнын.*
*Хъуыди кæд судзгæ зарджытæ никкæнын.*
*Куыд ныэмæла йæ бындзарæй æлгъыст дуг.*

***5.***
***Æнахуыр сагъæс бафтыди мæныл,***
***Мæ уд мын халгай тоны æмæ 'взоны,***
***Сывæллон дæр куыд нæ зоны мæлын,***
***Æмæ уæд та... Куыд æй зæгъон, нæ зонын.***

***Æниу ма ныр тæрсынæн та цы 'фсон и! —***
***Ысхъомыл и, нæ бакуымдта кæлын,***
***Цы лæсæнтæн ныффæрæзта лæууын,***
***Цы бавзæрста йæ цъус дарды рын-сонæй!***

***Уæддæр ма зæрдæ лæппуимæ дзуры, —***
***Куы дзы бацæуа уазал искуы, дур ыл***
***Куы ратула, куы йыл æрцæуа их.***
***Куы кæна исты — охх-хай, Ир цы уыдзæн!***
***Йæ адæм — гукк, йæ дзуæрттæ — æгуыдзæг,***
***Йæ хæхтыл бады сау тъыфылтæй мигъ.***

*6.*
*Куы кæна исты — уыцы 'нахуыр тас!*
*Мæ уд дзы 'нцой нæма ссардта нырма дæр.*
*Уыди-иу дард нæ Иры хæхтæй хаст,*
*Уæддæр-иу зæлыд хæхты сæр "дæдадæй".*

*Сæ бонтæ 'рвыстой йе 'рцыдмæ нымадæй*
*Йæ мæгуыртæ 'мæ дардтой 'вæрд сæ маст.*
*Чырыстийау æрцыд сæ сæрыл хаст, —*
*Кæд уый дæр райгуырди сыгъдæгуд мадæй!*

*Уæддæр ма зæрдæ лæппумæ æхсайы, —*
*Куы нæ фæцæуа ахуырмæ, æхца йын*
*Куы нæ уа 'мæ куы баззайа, мыййаг.*
*Уæд Ир зæххыл мæгуыргурæй фæхитæд,*
*Дунейыл ын куыд никуы уа йæхи гъæд,*
*Йæ царды гакк уæд уисой 'мæ фыййаг.*

***7.***
***Кæд ын, мыййаг, фыдæбонæй-зынæй***
***Тыхыхос фесты — ард дзы хордтой адæм.***
***Бон удæнцой нæ федта, 'хсæв фынæй***
***Нæ бакодта йæ зæрдæйы фæндиаг адæн.***

***Уæддæр æй ничи федтаид уæнгуагъдæй —***
***Цы фæдисы лæг басгуыхти — уæууæй!***
***Ныр зæххыл Ирæй амондджындæр нæй —***
***Тъымы-тъыматæм Ирæн ис цырагъдар.***

***Уæддæр та лæппу,.. Сидзæр саби — 'гъæдзар,***
***Сухион дæр та истæуыл куы хæца,***
***Куы нæ 'рбауæнда хæдзармæ цæуын,***
***Уæд Иры стыр æмæ гыццыл хæдзæрттæ***
***Сындзæхгæд бауæд се 'дзæрæг къæсæртæ —***
***Фæуæд дзæгъæл хæмпæлгæрдæджы бын.***

**Фарс бацæтæ кодта ХОЗИТЫ Барис**

Ирон æгъдæуттæ

# Зазхæссæн

Зазхæссæн у марды æгъдау. Кæнынц æй Куадзæнæй къуыри раздæр сабаты, афæдзы дæргъы чи амард, уыдоны рухс ном æрымысынæн. "Зазхæссæны бон мыггаг, сыхæгтæ æмæ хæстæджытæ марды ном ардтой мархойы хæринæгтæй, — фыста **Хозиты Федыр йæ чиныг "Ирон фынджы æгъдæуттæ"**-йы — хæлар ын кодтой йæ дзаумæттæ æмæ йæ дарæс. Фынгыл æвæрдтой арахъхъ, бæгæны, бæзджын æмæ тæнæг къуымæл, суары къус, доны къози, кæфы фыд æмæ цæхджын кæсæгтæ, æнхъизæнджынтæ, цуанитæ, тыппырæттæ, задынтæ, лакъамитæ, скъудаджынтæ, хъæдурджынтæ, нартхор, мæнæу æмæ хъæдуры дзæрнатæ, ихын æмæ хуымæтæджы сæкæртæ — цыбыр дзырдæй, мархойы хæринæгтæй къухы цы уыди, уыдон се 'ппæт дæр. Семæ-иу фынгыл, æнæмæнг, æрæвæрдтой цæхх æмæ кард дæр. Хæлар сæ кодтой ацæргæ лæгтæ æмæ зæронд устытæ. Фæйнæ сыкъайы-иу баныстой хæдзарвæндаг æмæ сыхаг лæгты къорд".



ТУГЪАНТЫ Махарбеджы конд ныв "Дугътæ"

Уыцы бон-иу, стæй ныр дæр иуæй-иу хъæуты зазы стыргомау къалиу сфæлыстой алыхуызон дыргътæ æмæ адджинæгтæй. Сауыгътой-иу ыл къафеттæ, дыргъы хустæ, æнгузтæ æмæ æндæр хæрзад хæринæгтæ хæлттæгондæй. Хуыдтой йæ Æлæм. Зазы къалиу — Æлæм-иу мардæн куы ныххæлар кодтой, уæд æй хастой уæлмæрдмæ. Ацы марды æгъдау Зазхæссæн дæр уымæн хуыйны.

Зазы къалиу — Æлæм уæлмæрдмæ хаста барæг, ныр та — устытæ. Фæндагыл ын йæ дыргътæ, адджинæгтæ байуарынц сывæллæттæн. Хæларгонд хæринæгтæй сывæллæтты барæвдауын ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ, мардæн мæрдты бæсты æхцон у, чи сæ радты, уымæн та — удыбæстæ. Зазы къалиуыл ма, цы чысыл муртæ аззайы, уыдонимæ йæ уæлмæрдмæ бахæццæ кæнынц. Уым дæр та мардæн Æлæм æмæ сæ хæссинæгтæй — рухсаг у, фæзæгъынц. Стæй йын зазы къалиу йæ цырты фарсмæ ныууадзынц.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Цалцæг

## Йæ фыццаг хуыз скалдта

**Тугъанты Махарбеджы номыл Аивадон музейы зымæгон дыргъдоны та, бындуронæй йæм базилыны фæстæ, скуыста фонтан. Уый арæзт у сомихаг туфæй, стæй алыхуызон стæм æмæ зынаргъ хохаг дуртæй. Реставраци йæ чи кодта, уыдон ын райсын кодтой йæ фыццагон хуыз. Ныссыгъдæг кодтой æппæт дуртæ, бацархайдтой, цæмæй сæм дон ма хъара, уымæлæй хызт уой. Фонтанмæ дондзæуæн хæтæлтæ дæр баивтой ногтæй. Сæвæрдтой дзы ног донцъиræн.**

**Фонтаныл æххæст кæны 120 азы. Заууатмæ кæй æрцыд, уый аххосæй дзæвгар рæстæг нал куыста.**

**"Музейы агъуысты Октябры революцийы размæ уыди сæудæджергæнæг Богдан Огановы "Базарадон хæдзар", сарæзтой йæ 1903 азы архитектор Иван Рябикины проектмæ гæсгæ. Ацы бæстыхайы уæдæй нырмæ цы йе 'ддаг бакасты æппындæр ницы баивтой, цы мидæгæй. Æндæр ахæм хæдзар Дзæуджыхъæуы нал ис", — радзырдта нæ уацхæссæгæн музейы архив æмæ наукон библиотекæйы сæргълæууæг Малхъарты Натэллæ.**

*РУБАЙТЫ Зæринæ*

Арфæ

## Мæргъиты-Хьынцæгты Кларæйæн йæ 70 азы юбилейы фæдыл



*Хорз сыхаг — Хуыцауы арфæ у! Арфæйаг фæцис нæ сыхбæстæ дæр, 1973 азы Ставд-Дурты Мæргъиты фæрныг хæдзары къæсæрæй Змейкæйы хъæуккаг Хьынцæгты Илья æмæ Таняйы чызг Кларæ куы æрбакъахдзæф кодта, уæд. Зæрдæргъæвд чызг уарзон ссис бинонтæ æмæ хъæубæстæн дæр. Йæ цардæмбал Нугзаримæ сын рантыст чызг Ларисæ æмæ æртæ фырты — Юри, Руслан æмæ Аслан. Сахуыр сæ кодтой сæхи хуызæн фæллой уарзын, хъæубæстæн лæггад кæнын. Абон уыдонæн се 'ппæтæн дæр ис бинонтæ, кæстæртæ. Хъæубæсты дзуары куывды адæм сæ цæст куыд не 'рæвæрынц Мæргъиты чындзытыл, æртæйæн дæр аив сæ бакаст, уæздан сæ ныхас, сæ сæртыл сæрбæттæнтæ, сæ къухы æртыгай кæрдзынтæ урс тæбæгъбæттæнты тыхт, фæкæсынмæ та — арт! Уæдæ бæркадкъух æфсинæн йæ цæхæрадоны фæллой йæ, уды бæркадау, сыхбæстыл фæззæджы анхъæвзы. Йæ уд, йæ дзæцц — искæмæн хорздзинад ракæнын.*

*Бинонты фарн хистæрæй цæуы, фæзæгъынц. Стыр хъаруйы хицау разынд ацы хъуыддаджы Кларæ дæр. Тæхудиаг та куыд не сты уыцы бинонтæ, кæрæдзи цæстæнгасæй чи 'мбары, хистæр рæвдыд кæм æййафы, иу чындз иннæмæн хойы бынаты кæм балæууыд. Кларæйæн ис хъæбулы хъæбултæ — дæс, цыппар та — уыдоны хъæбултæ.*

*Кларæ, нæ уарзон адæймаг! Дæ райгуырæн бонтыл уæнгрог æмæ зæрдæрухсæй æмбæл. Кæй уарзыс, æмæ дæ бирæ чи уарзы, уыдонимæ цæрынæй бафсæд! Цы бирæ кæстæртæ дын ис, уыдон сты бинонты кад хæссæг æмæ йæ уæлдæрæй уæлдай, дæлдæр кæй никæд æруадздзысты, уый нæ фидарæй уырны. Ды кæстæртимæ кæстæр дæ, хистæртимæ — хистæр, дæ зæрдæ у рухс, дæ хъуыдытæ — сомбоныл! Хуыцау дæу рæвдауынæй макуы бафæллайæд! Абон куыд цардуарзаг дæ, афтæ дæ сæдæ азыл дæр куыд сæмбæлай мидбылхудгæ, хæлбурцъ æнкъарæнтимæ, уый Дунескæнæг зæгъæд!*

***ХЕТÆГКАТЫ-УАНИТЫ Оксанæ***

Алагиры районæй

## Рагон дæсныйад

**Алагиры сывæллæтты аивадон скъолайы ахуырдзау чызджытæн фæзынд ирон цыллæ кæлмæрзæнтæ бийыны рагон дæсныйад рахатыны фадат.**



Фаткæ Поярко кусы скъолайы аивадон хайады ахуыргæнæгæй. Йæ заманы зындгонд ирыстойнаг хуыйæг Дауыраты Зæлинæ Фаткæйы сахуыр кодта ирон кæлмæрзæнтæ бийыны дæсныйадыл. Ахуырдзау чызджытæ кæлмæрзæн бийыны дæсныйадмæ се 'ргом кæй здахынц, уый рахатгæйæ, Фаткæ сæ амынд дæсныйадыл ахуыр кæнын райдыдта.

— Ирон кæлмæрзæн бийын æнцон хъуыддаг нæу, фæлæ йыл фæсивæды сахуыр кæнæм. Кæлмæрзæнтæ бийынæн æмбæлгæ цыллæ æндах æмæ кусæнгæрзтæ бацагурын бахъæуы. Кусæнгæрзтæ зæрингуырдтæн сзаказ кодтам, цыллæ æндах та нæма ссардтам. Кæлмæрзæнтæ бийынæн уал пайда кæнæм вискозимæ бæмбæгæй конд æндахæй. Ацы рагон дæсныйадыл нæ байзæддæгты сахуыр кæнын нæ фæнды. Уæлæдарæс (уæлдайдæр та — кæлмæрзæн) нымад у адæмы культурæйы хайыл. Сæдæ кæнæ дыууæсæдæ граммы ласæг ирон кæлмæрзæн ирд хурæй сылгоймаджы бахъахъхъæны, — зæгъы ахуыргæнæг.

Ирон адæм рагæй дæр кад кæмæн кæнынц, гæрæнæвæрæн мадзæлттæ уыцы сылгоймагыл не 'ххæссыдысты. Зæгъæм, цухъхъа дарыны бар уыд æрмæст бонджын нæлгоймагмæ, фæлæ цыллæ кæлмæрзæн дарыны бар та уыд канд хъæздыг нæ, фæлæ цыбыркъух хæдзары цæрæг чызгмæ дæр. Кæлмæрзæныл цас лыстæгдæр чырæгтæ æмæ йыл цас фылдæр нывтæ конд уыд, уый бæрц кæлмæрзæн зынаргъдæр уыд. Сылгоймаг цас хистæр уыд, уый бæрц йæ кæлмæрзæныл конд нывты нымæц къаддæр уыд.

Кæлмæрзæнтæ уыдысты æртæкъуымонтæ æмæ цыппаркъуымонтæ. Чындзæхсæвы заман чындзыл уыд дыууæ кæлмæрзæны: иу кæлмæрзæн æмбæрзта чындзы сæр æмæ цæсгом, дыккаг кæлмæрзæн та йæ кæрæттæ чындзы уæхсчытыл уагъдæй æхгæдта чындзы худ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

# Дзырдбыд

**ФÆРСÆРДÆМ:** 7. Епхиты Тæтæрийы роман "Размæ"-йы архайæг. 9. Зæхх доны астæу. 10. Чысыл дымгæ. 11. Афæдзы мæйтæй иу. 12. Уæлæдарæс. 14. Хъæддаг цæрæгой (иумæйаг ном). 15. Паддзахад Азийы. 16. Цæугæдон Африкæйы. 18. Горæт Мæскуыйы облæсты. 20. Цыргъаг. 21. Раздарæн. 22. Химион элемент. 24. Кæсаг. 26. Спорты хуыз. 27. Зындгонд испайнаг нывгæнæг. 29. Европæйаг паддзахады сæйраг горæт. 30. Тымбылæг. 31. Зындгонд ирон революционеры ном. 34. А.С. Пушкины романы архайæг. 36. Хъуымац. 37. Донхæссæн дзаума. 38. Нарты кадджыты архайæг.

**БЫНÆРДÆМ:** 1. Рагон ирон хæринаг. 2. Бæласы мыггаг. 3. Нартхорæй конд рагон хæринаг. 4. Адæмон зарæггæнæг Астæуккаг Азийы. 5. Номдзыд уырыссаг оперон зарæггæнæг. 6. Æрдæгсакъадах Цæгат Америчы. 8. Бесаты Тазейы радзырд. 9. Музыкалон дзырд (термин) кæнæ горæт Индонезийы. 12. Дзесты Куыдзæджы радзырд. 13. Паддзахад Центрон Америчы. 17. Францусаг эстрадон зарæггæнæг. 19. Химион элемент. 23. Дыргъбæлас. 25. Хилдасæджы дзаума. 26. Паддзахад Европæйы. 28. Номдзыд советон авиаконструктор. 32. Композиторы уацмысты равæрд. 33. Паддзахады нысан. 35. Ж. Верны романы архайæг. 36. Горæт Белоруссийы.



### Дзуаппытæ 25 мартъийы номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСÆРДÆМ:** 1. Гæрæн. 4. Болат. 7. Сæрак. 10. Мæт. 11. Суг. 12. Синаг. 14. Сæнар... 16. Хæлар. 17. Сурæт. 18. Театр. 19. Силос. 21. Горæт. 23. Суткæ. 25. Нарон. 26. Рувас. 27. Обь. 28. Ард. 29. Халас. 31. Мазут. 33. Герат. 34. Наган. 35. Разин. 36. Гаруз. 38. Богал. 40. Астæу. 42. Таран. 43. Тохси. 44. Мад. 47. Арв. 48. Кæсаг. 49. "Размæ". 50. Теман.

**БЫНÆРДÆМ:** 1. Гæмæх. 2. Рот. 3. "Ногир". 4. Бæлас. 5. Лæц. 6. Тæлæт. 7. Сахат. 8. Рæс. 9. "Кагор". 12. Садон. 13. Гутон. 14. Сæкæр. 15. Ребус. 19. Стонг. 20. Сабат. 21. Гобан. 22. Туман. 23. Самур. 24. Æрдын. 29. Хамут. 30. Сапон. 31. Марат. 32. Такси. 36. Гамак. 37. Зарæг. 38. Базар. 39. Лоркæ. 40. Асиат. 41. Урван. 45. Дæс. 46. Наз. 47. Арм.

Телеуынынад

## Не 'мзæххоны тыххæй

**Рæхджы æппæт Уæрæсейы цæрæг адæм 32-аздзыд цæгатирыстойнаг БЕКЪОЙТЫ Викторы тыххæй хабæрттæ базондзысты. Фондз азы дæргъы таксийы кусæг Бекъойы-фырт йæ куысты хæстæ сæрмагондæй куыд æххæст кæны, уый тыххæй хабæрттæ 2 апрелы телеуынынады Фыццæгæм канал йæ телеравдыст "Хиуæтты цард"-ы равдисдзæн.**

— Телеуынынады Фыццæгæм каналы журналисттæ нæ республикæйы фæзуатыл киноныв истой. Радон хатт, таксимæ фæдзургæйæ, журналисттæ мемæ сæмбæлдысты. Хæдтулгæйы сбадгæйæ, уазджытæ мæ лæггæдтыл бадис кодтой æмæ мæ телефоны номыр райстой. Цалдæр боны фæстæ мын телефонæй фæдзурæг журналисттæ загътой: "Дæ куыст æмæ хæдтулгæйы тыххæй киноныв куы сисиккам, уый нæ фæнды", — мысы хæдтулгæскъæрæг.

Wi-fi-йæ ифтонггонд Бекъойы-фырты хæдтулгæйы чи ис, сæрды уыцы уазалгæнæны вæййы дон бæлццæттæн. Кæй бафæнды, уыцы бæлццæттæ сæхицæн равзарынц киноныв æмæ йæм фæкæсынц хæдтулгæйы фидаргонд мониторы фæрцы. Уымæй уæлдай, Викторы хæдтулгæйы ис чырæг телефонтæ ифтонг кæнынæн фæрæзтæ дæр.

Хæдтулгæскъæрæджы ныхасмæ гæсгæ, бæлццæттæ æппæтæй фылдæр бацин кæнынц адджинæгтæ æмæ караокейы системæйыл. Рæстæгæй-рæстæгмæ хæдтулгæйæ атезгъо кæнынæн æмæ азарынæн такси чи сзаказ кæны, Бекъойы-фыртæн ахæм иудадзыгон клиенттæ дæр ис.

— Бæлццæттæ æппæтæй фылдæр уарзынц Надеждæ Кадышева æмæ Иринæ Аллегровайы зарджытæ зарын. Арæх азарынæн таксимæ æвронг адæймæгтæ фæдзурынц изæрæй, — зæгъы хæдтулгæскъæрæг.

Дарддæр дæр таксийы кусын æмæ авдбынæттон хæдтулгæ балхæныны фæнд скæнæг Бекъойы-фырт массажы цалдæр хуызимæ сæрмагонд ифтонггæрзтæ сзаказ кодта, æмæ афтæмæй дард балцыты цæуын бæлццæттæн нырæй удæнцойдæр суыдзысты.

Фиппаинаг: Уæрæсейы хуыздæр хæдтулгæскъæрджытæ-эксперттæн кæй сарæзтой, Бекъойты Виктор у Зондамонджыты уыцы клубы иунæг цæгатирыстойнаг архайæг.

**УЫРЫЙМÆГТЫ Фатимæ**


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Производу профессиональную обрезку плодовых деревьев. Работает профессионал.
ТЕЛ.:
8-928-856-90-89;
8-928-856-90-83
(Руслан).

Домашние соления: квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и с болгарским перцем, свекла по-грузински, соленые огурцы и помидоры.
ТЕЛ.:
8-906-188-38-83.

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03



Номыры радхæссæг редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**



"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3447.
Заказ № 340.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**